# ГИДА ХÆДЗАР КУЫД ХЪАХЪХЪÆДТА
## (Аргъау)

Раджыма-раджыма цардис зæронд нана. Уыдис æм гæдыйы лæппын, йæ ном хуындис Гида. Иубон æм нана дзуры:

– Цу, мыстытæ æрцахс, бахордтой нын нæ хор!

– Куыдз сæ æрцахсæд! – дзуапп ын радта Гида. – Æз мыстытæй тæрсгæ кæнын!

– Куыдз хæдзар хъахъхъæны! Ды та мыстытæ ахс.

– Æз хъахъхъæндзынæн хæдзар. Куыдз та мыстытæ ахсæд! – загъта Гида.

Гæдыйы лæппын ацыд æмæ кæрты схуыссыд. Куыдз та хæдзармæ бацыдис. Фæхуыссыд Гида, фæлæ куы æрталынг, уæд дуары цур сбадт æмæ уасы:

– Миау! Миау! Хæры мæ мыст! Нана, тæрсын мыстæй!

– Гъæу! Гъæу! Гъæу! – срæйдта куыдз æмæ разгъордта кæртмæ.

Нана Гидайы хæдзармæ бауагъта æмæ йын загъта:

– Ды хъуамæ мыстытæ ахсай! Уый дæ куыст у.

*Джимиты Кларæ*

